ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№87 (24.369) • 2022 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Къэрал щхьэхуитым и къарур зыгъэбагъуэр цIыхубэ зэхэщIыкIыращ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 19 - 20-хэм хэтащ Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэмрэ Госконгресс фондымрэ къызэрагъэпэща «ЗэманыщIэм хуэгъэпса мурад лъэщхэр» зэхыхьэшхуэм.**

ИДЖЫ етIуанэу ирагъэкIуэкI а зэхыхьэм и фIыгъэкIэ къэралым ис дэтхэнэ зы цIыхуми Iэмал игъуэтащ Урысейм зегъэужьынымкIэ хэкIыпIэ нэхъ тэмэму къилъытэр утыку кърихьэну. Апхуэдэ мурадыр нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэрэ зыхуэфащэ IэщIагъэлIхэм къыхахмэ, ар гъэзэщIэнымкIэ къэралри жылагъуэри дэIэпыкъуэгъу хъунущ. Зэхыхьэшхуэм хиубыдэу унэтIыныгъэу блым къызэщIаубыдэ Iуэху нэхъыщхьэхэр зэпкърахащ икIи абыхэм ящыщу нэхъ гъэщIэгъуэнхэр гъэзэщIэным мыхьэнэшхуэ иIэнущ 2030 гъэм нэсыху Урысейм и лъэпкъ мурадхэм зегъэужьынымкIэ. НэхъыфI дыдэу къалъытэ Iуэхухэм ящыщ куэд зыгъэзэщIэнур къэралым и щIыналъэ щхьэхуэхэрщ.

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку кърихьа проект 19-м ящыщу 3-р зэхыхьэшхуэм щызэпкъраха Iуэхугъуэ нэхъыфI дыдэу 200-м хиубыдащ.

Япэ махуэм КIуэкIуэ Казбек хэтащ «МурадыщIэхэр ядэIыгъынымкIэ губернаторхэм я клубым» и зэIущIэм. Абы зэрыжиIамкIэ, «проектхэр гъэхьэзырынымрэ республикэм и щIалэгъуалэр инновацэ лэжьыгъэм нэхъ жыджэру къыхэшэнымрэ я лъэныкъуэкIэ» ди щIыналъэр Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэм зэрыдэлажьэм зригъэубгъунущ.

ЕтIуанэ махуэм зэхыхьэшхуэм и пленар зэIущIэм кърихьэлIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэхэмкIэ захуигъазэри, абы жиIащ дунейпсо тхыдэм и лъэхъэнэщIэм дызэрыхуэкIуэр, социальнэ захуагъэмрэ дунейпсо шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ сэбэп хъуну хабзэщIэхэр дуней псом зэрыщызэтеувэр. Президентым псом хуэмыдэу къыхигъэщхьэхукIащ псынщIэу зауэжьын, цIыхухэм я псэукIэр нэрылъагъуу егъэфIэкIуэнымкIэ щапхъэу увыфын, цIыхум и фIыгъуэхэр псоми япэ изыгъэщыфын къэралхэр суверенитет нэс зиIэхэр арауэ зэрыщытынур.

Лъэпкъ гупсысэкIэ зиIэ икIи лъэпкъ мурадхэм зи гур ета граждан жылагъуэр суверенитетым и Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытым къыхэкIыу, жиIащ Путин Владимир, къэралым и правительствэми щIыналъэхэм я унафэщIхэми гулъытэ хэха хуащIыпхъэщ Урысейм и цIыху нэхъ гумызагъэхэм къыхалъхьэ гупсысэхэмрэ проектхэмрэ егугъуу хэплъэным.

«Уеблэмэ, языныкъуэхэм деж гуп мыинхэми къыхалъхьа апхуэдэ мурад гъэщIэгъуэнхэр щIыналъэхэм щыIэ унафэщI гупхэм я гулъытэм, абыхэм я дэIэпыкъуныгъэм хуэныкъуэщ, сыту жыпIэмэ, дэтхэнэ щIыналъэми и лэжьэкIэ пэрытыр зэрыщыту къэралым и дежкIэ сэбэп хъунущ», - жиIащ Путин Владимир.

2022 гъэм ирагъэкIуэкIа «ЗэманыщIэм хуэгъэпса мурад лъэщхэр» зэхыхьэшхуэм цIыху мин 311-м щIигъу къызэщIигъэуIуащ, абы щIыналъэ 85-м щагъэхьэзыра проект, мурад зэмылIэужьыгъуэу мин 19 хэIущIыIу щащIащ. Пленар зэIущIэм хэтащ конкурсым щытекIуауэ къалъыта проект 200-р зыгъэхьэзырахэр.

Мы зэхуэсышхуэм кърикIуахэм ятеухуауэ езым и телеграм-каналым ирилъхьа тхыгъэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыщыхигъэщхьэхукIащ: «Президентым жиIащ нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ компаниехэр къэралым зэрыщымылэжьэжым къыхэкIыу Урысейр къэрал щIыб технологиехэми зэрызэтрамыIыгъэжыр икIи абы езым и технологиехэм фIэкIыпIэ имыIэу зэрызригъэужьынур. Экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, социальнэ гъащIэм хиубыдэу къыхалъхьэ жылагъуэ жэрдэмхэмрэ мурадхэмрэ ди псэукIэм зэрызрагъэужьынум, хьэрычэт Iуэхухэр япэкIэ зэрагъэкIуэтэнум къыхэкIыу, ахэр къэралым зэкIэлъыкIуэу ядиIыгъынущ. Къэралым и Iэтащхьэм и пащхьэ иралъхьа Iуэху нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ социальнэ дэIэпыкъуныгъэм, туризмэм, мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым я IэнатIэхэр езыгъэфIэкIуэфыну проектхэр. Апхуэдэ унэтIыныгъэхэр яIэщ ди республикэм щагъэхьэзыра проектхэми икIи ахэр зэIущIэшхуэм утыку къыщрахьа гупсысэ нэхъыфIу 200-м хэхуащ. Дэ едгъэкIуэкI инвестицэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу апхуэдэхэр гъэзэщIа зэрыхъунум егупсысынущ».



---

## Тхылъ плъыжьхэр зратыжахэр




**КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ зэзыгъэгъуэта, фIы дыдэу еджэу тхылъ плъыжьыр къэзылъэща бакалаврхэмрэ магистранthэмрэ я гъэфIэж пшыхь дахэ.**

ИЛЪЭС бжыгъэкIэ щIэхъуэпсу зи къарурэ зи гуащIэрэ еджэныгъэм езыта ныбжьыщIэхэм я тхылъ плъыжьхэр къратыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Аслъэнрэ Iуэхугъуэм кърихьэлIа хьэщIэхэмрэ - КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Андзор, КъБР-м Iэщым еIэзэнымкIэ икIи гъэхъужынымкIэ и къулыкъущIапIэм и унафэщI Iэрэмысэ Аслъэн, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхь Тимур сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и аспирантурэр ехъулIэныгъэфIхэр яIэу къэзыуха щIалэгъуалэм я тхылъхэр яритыжащ «Зыуэ щыт Урысей» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Парафилов Дмитрий.

ХьэщIэхэм еджэныгъэр къезыхьэлIа ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэ куэдкIэ зыхуагъэзащ. «Нобэ гъуэгуанэ дахэ фытоувэ. Фигури фи псэри хэфлъхьэу фызэреджам и щыхьэтщ къыватыж тхылъ плъыжьхэр. Абы щыгуфIыкIыр фи закъуэкъым, дэри дрогушхуэ - дощIэ IэщIагъэ дахэ фиIэ зэрыхъуар, дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэми пэлъэщыну, зыужьыныгъэм лъагъуэщIэхэр пхишыну щIэныгъэ хъарзыни зэрывбгъэдэлъыр. Фыщалъхуа лъахэм зиIэтынуми, ефIэкIуэнуми, зиужьынуми зи Iэ илъыр фэращи, фIым и лъыхъуакIуэ фыхъуну дыфщогугъ. Къыватыжа тхылъ плъыжьым и хъер куэд фэри, IэщIагъэ къывэзыта фи егъэджакIуэхэми, фыщалъхуа лъахэми екIыну сынывохъуэхъу», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

Апхуэдэу еджапIэр къэзыуххэми, абыхэм я адэ-анэхэми псалъэ дахэкIэ захуигъэзащ студентхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Забаков Азэмэт. Ари езыр махуэр зыхуагъэдахэхэм ящыщт, и гуфIэгъуэри тIуащIэт - еджэныгъэр фIы дыдэу къызэриухам, IэщIагъэтI иIэ зэрыхъуам и щыхьэту тхылъ плъыжьитI иратыжырт.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр уэрэдрэ къафэкIэ гъэнщIауэ щытащ. Утыкур ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэхэу ЦокIыл Азэмэт, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Теунэ Жэмал, Бэрэгъун Заур сымэ, къекIуэлIахэми щIэщыгъуэ ящыхъуащ «Каллисто», «Импульс» гупхэм я къэфэкIэри.

**ШУРДЫМ Динэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ ● Зэхуэсхэр ●



# ЩIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэр япэ ирагъэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Москва къалэ иджыблагъэ щыхуэзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр. ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ УФ-м и Президентым щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ къигъэнэIуа унэтIыныгъэхэр ди республикэм зэрыщагъэзащIэр. КIуэкIуэмрэ Новакрэ тепсэлъыхьащ КъБР-р зыплъыхьакIуэхэри инвесторхэри дэзыхьэх щIыналъэ щIыным, абы и экономикэм зегъэужьыным, и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным епха Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, республикэм и бюджетым 2021 гъэм къихъуа мылъкум щыщу инвестицэхэм хуозэ сом мелуан 51,1-рэ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым а Iыхьэр хъуащ сом меларди 2,8-рэ. Ар проценти 8,4-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм еплъытмэ. Инвестицэхэр нэхъыбэу зыхалъхьэр мэкъумэш, ухуэныгъэ, турист унэтIыныгъэхэращ.

Хэхауэ тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм 2030 гъэ пщIондэ зегъэужьыным хуэгъэпса къэрал программэм къызэщIиубыдэ проектхэр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм. Гулъытэ хуащIащ гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэни лажьэ хъуну «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ IуэхущIапIэмрэ Тырныауз вольфрам-молибден бгылъэ комбинатымрэ я ухуэныгъэхэм хуэгъэпса проектхэм.

«Iуащхьэмахуэ» комплексым зегъэужьыным мы илъэсым хуаутIыпщащ сом меларди 3. Абы епхауэ ягъэзащIэ проект 13. Абыхэм хэтщ кIапсэ гъуэгухэр ухуэныр, Азау щIыпIэр зыхуей хуэгъэзэныр, транспорт, инженер коммуникацэ я лъэныкъуэкIэ щIыпIэр зэпэщ щIыныр, бгы лъагэ лъэрыжэ къэжыхьыпIэхэр гъэтэмэмыжыныр, IэрыщI уэс щащI центрым и проект щIыныр.

Тырныауз комбинатым вольфрам, молибден пцIийхэр къыщыщIэхынымрэ абыхэм елэжьынымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм металлургием хэпщIыкIыу зыщегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Абы хуэщIа проектым щыщу зэфIэкIакIэщ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къэбгъэсэбэпыну хуитыныгъэ къозыт лицензэр зэрызэрагъэпэщар. КъинэмыщIауэ, дунейпсо мардэхэм тету, къалъытащ проектым технико-экономикэ и лъэныкъуэкIэ лъабжьэ хуэхъунур. Апхуэдэу комбинатым и пщIантIэр лэжьыгъэм хуагъэхьэзыр, абы узэрекIуалIэ хъуну автомобиль гъуэгум и ухуэныгъэри яублащ. Дызэрыт илъэсым и бжьыхьэм къриубыдэу я мурадщ комбинатыр зыхуеину оборудованэхэр къащэхуу ягъэувыну.

А инвестицэ проектыр УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм ягъэхьащ, ар зыхуэгъэпса комбинатыр къэралым и IуэхущIапIэ лъэрызехьэхэм хагъэхьэну Iэмал щыIэмэ, хэплъэн щхьэкIэ. Апхуэдэу хъумэ, IуэхущIапIэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ игъуэтынущ, льготэхэр зиIэ кредитхэр къратыфынущ.

ЗэIущIэм къриубыдэу яубзыхуащ щIыналъэм зиужьынымкIэ Президентым къахуигъэува къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъуну Iэмалхэр. КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Новак Александр фIыщIэ хуищIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр щIыналъэм щыгъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъум папщIэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуат

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм щыхэплъа зэIущIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къэрал мылъкур уней щIынымкIэ 2023 гъэм и программэм тепсэлъыхьащ КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн**. КъБР-м и Правительствэмрэ Федеральнэ казначействэм и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэмрэ нэхъапэу мылъку зытегъэкIуэдапхъэхэм теухуауэ я зэгурыIуэныгъэр къигъэлъэгъуащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къалэбэч Азэмэт.**

- Проектыр дгъэбелджылащ Урысей Федерацэм ФинансхэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ къэрал мылъкум и социально-экономикэ щытыкIэм теухуа я зэгурыIуэныгъэм тету. А зэгурыIуэныгъэм тещIыхьауэщ республикэм и бюджетым къэралым къыхудыщIигъур къызэрыратынур. Абы къигъэув Iуэхугъуэхэм ящыщщ Федеральнэ казначействэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я зэгурыIуэныгъэ къэдгъэлъагъуэр. Нэхъапэу мылъку зытегъэкIуэдапхъэхэм теухуа Iэмалым дыхуокIуэ бюджет автономнэ IуэхущIапIэхэм ящыщхэм щIыхуэ къатехуэ хъужыкъуэмэ, - жиIащ Къалэбэчым.

«КъБР-м и транспорт системэм зегъэужьын» къэрал программэм, республикэм и автомобиль гъуэгухэм къахэгъэхъуэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и проект щыIэхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн.**

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Батыр Заурбэч** тепсэлъыхьащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм теухуауэ щыIэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Прохладнэ къалэм психиатриемкIэ и сымаджэщыр кхъахэ хъуауэ, ихын хуейуэ къалъытащ. Абы щIэлъа сымаджэхэр республикэм щыIэ психоневрологическэ диспансерым ягъэIэпхъуащ.

Хэку зауэшхуэм щыгъуэ хэкум къыщхьэщыжу хэкIуэдауэ щытахэм я къупщхьэлъапщхьэ къагъуэтыжахэр щIалъхьэным иращIэкIыну Iуэхугъуэхэм папщIэ комитет щхьэхуэ къызэрызэрагъэпэщынум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Iуэху къыкъуэкIым елъытауэ, мыр илъэс къэси къызэрагъэпэщ. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щекIуэкIынущ абы ехьэлIа щыгъуэ пэкIур.

ЦIыхухэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ къэралым имей, мылъку къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэхэм республикэ мылъкум къыхэкIыу ахъшэ етыным теухуауэ Правительствэм и проект ягъэхьэзырам тепсэлъыхьащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор.**

Бюджет IэнатIэ пэрытхэм я улахуэм хэгъэхъуэным теухуа проектыр игъэбелджылащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министр **Асанов Алим.**

- 2022 гъэм шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ къэрал, кIэзонэ, бюджет, автономнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэн хуейщ проценти 10-кIэ. Республикэ бюджетым щыщу абы текIуэдэнущ сом мелуан 796,4-рэ, - къыхигъэщащ министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет лэжьакIуэхэм я улахуэр проценти 10-кIэ хэгъэхъуэным теухуауэ ди Iэтащхьэм унафэ щищIащ мэкъуауэгъуэм и 15-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

«Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэужьын» къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным теухуа проектыр къигъэнэIуащ КъБР-м спортымкIэ и министр **Хьэсанэ Ислъам.**

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Гъавэ бэвкIэ щогугъ

**Шэрэдж щIыналъэм мы гъэм хьэцэпэцэрэ мэкъумылэу гектар 4790-м нэблагъэ щыхасащ.**

БЖЬЫХЬЭСЭ гектар 1650-м щыщу гектар 650-р гуэдзщ, 250-р хьэпцIийщ, 300-р былым къэбыстэщ. Гъатхасэр гектар 3140-рэ мэхъу: ерыскъыпхъэ нартыхуу гектар 2010-рэ, силосыпхъэу гектар 430-рэ, сэхурану - 200, кIэртIофу - 500.

Гъэр сыт хуэдэу гугъуу щытами, къэкIыгъэхэм я щытыкIэм арэзы укъещI. Гъатхэм щыщIэдзауэ хьэсэхэм щIыгъэпшэрхэмкIэ елэжьащ, и чэзум ягъэщэбащ, япщIащ. Техникэмрэ дагъэгъэсыныпхъэмкIэ къызэгъэпэща хозяйствэхэм я Iуэхур тэмэмщ. Мы зэманым мэкъумэшыщIэхэр иужь итщ гъавэр кIэрыхуншэу зэрыIуахыжыным. Гъатхэр щIыIэтыIэу зэрекIуэкIами емылъытауэ, гъавэ бэвкIэ мэгугъэхэр.

Шэрэдж щIыналъэри зэфIэкI хъарзынэкIэ хэуващ 2022 гъэм ди республикэм нартыхурэ хьэцэпэцэу къыщрахьэлIэжыну гектар мин 223-м.

Фызэрыщыгъуазэщи, дунейм и щытыкIэм елъытауэ, сэгъуэри гъавэм и Iухыжыгъуэри щаублэр мащIэу нэхъ гуваущ, ауэ абы щхьэкIи къэмынэу, гъавэ бэви хадэхэкI бэгъуаи къыщрахьэлIэж, я пхъэщхьэмыщхьэм хуэдэу къабзэ къэгъуэтыгъуейщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# КIыщокъуэр ягъэлъапIэ

**КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 108-рэ зэрырикъур щагъэлъэпIащ тхакIуэшхуэм и фэеплъыр здэщыт Налшык къалэ администрацэм и IуэхущIапIэм деж.**



ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэзит Юрэ**, Шэджэм щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Борсэ Юрэ**, Шэджэм щIыналъэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и тхьэмадэ **Уэдыжь Хьэсанш**, Налшык къалэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, усакIуэм и къуажэгъухэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, журналистхэр.

ШколакIуэхэр къеджащ КIыщокъуэ Алим и усэхэм щыщ. Къызэхуэсахэм тхакIуэшхуэм и фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъа нэужь, Щхьэлыкъуэ къуажэм щыIащ. Абыхэм КIыщокъуэм и кхъащхьэм удз гъэгъахэр тралъхьащ, кIэщIуи тепсэлъыхьащ тхакIуэм къызэринэкIа тхыгъэхэм я мыхьэнэм, дызэрыгушхуэ цIыхум и цIэр мыкIуэдыжын щIыным ехьэлIауэ лэжьыпхъэхэм.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КIЭРЭФ Iэминэ:

# ГъэщIэгъуэнщ си лэжьыгъэр

*КIэрэф Iэминэ экономист ныбжьыщIэщ, «Банк «Нальчик» ООО-м и лэжьакIуэщ. ФIыуэ зыхэгъуэза и IэщIагъэм гурэ псэкIэ пэрытщ, зэрыжиIэмкIи, абы гъащIэм къыщыхуэсэбэп куэдми хуегъасэ. И IэщIагъэм, зыдихьэххэм теухуауэ депсэлъащи, дывдогуашэ.*



**- Iэминэ, дэнэ щIэныгъэ щызэбгъэгъуэтар?**

- Белгород потребкооперацэмкIэ и университетым Налшык щиIэ и къудамэр 2010 гъэм экономисту къэзухащ. Гупым и старостэу, студсоветым и унафэщIым и къуэдзэу сыщытащ деджэху. Си студент гъащIэр щIэщыгъуэт, Iуэху дахэхэмкIэ, тхылъыфIхэмкIэ гъэнщIат. Жыджэру сыхэтт щIалэгъуалэм папщIэ республикэм щекIуэкI Iуэхухэм. Сыстуденту «Си къэрал - си Урысей» зэпеуэм сыщыIащ, бизнес-проект згъэхьэзырри. 2008 гъэм сыхэтащ студент, еджакIуэ жыджэрхэм къызэрагъэпэщ «ДызэкIуэтщ» Iуэхум. Псапэ зыпылъ Iуэхухэми куэдрэ сыхыхьэрт, уеблэмэ къызэзгъэпэщырт. Сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ щыIэ «Эдельвейс» клубым фIыщIэ тхылъ къысхуигъэфэщауэ щытащ абы папщIэ. ЩIы-промышленнэ комплексым елэжь щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я етIуанэ щIэныгъэ конференц Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым щекIуэкIырти, абы иджырей экономикэм пыщIа Iуэхугъуэхэм теухуауэ сыкъыщыпсэлъат. Мис ахэр си гум нэхъ къинащ.

**- Иджыпсту узыпэрыт лэжьыгъэм сыт удззыхьэхыу хэлъыр?**

- ЕджапIэ нэхъыщхьэр къэзуха нэужь, «Банк «Нальчик» ООО-м и учёт-операцэ къудамэм экономисту лэжьэн щыщIэздзащ. Си къалэныр - цIыху щхьэхуэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, IуэхущIапIэхэм, фирмэхэм, зэгухьэныгъэхэм банк Iуэхутхьэбзэхэр яхуэсщIэнырт. Илъэсищ дэкIри, а къудамэм и экономист нэхъыжь сащIащ. Абы щылажьэ псоми ящIэм сыщыгъуэзэн икIи сыкIэлъыплъын хуейщ. Си лэжьыгъэм икъукIэ жэуаплыныгъэшхуэ пылъщ, пэжым ухуеймэ. Ар ахъшэ Iуэхум зэрепхам и закъуэкъым щIыжысIэр. Ди IуэхущIапIэм къекIуалIэхэр зыщIэупщIэм теухуауэ жэуап, чэнджэщ еттын папщIэ, щIэныгъэри мащIэщ, Iуэху бгъэдыхьэкIэ тэмэм уиIэн хуейщ. Дэ цIыхуу къыдэкIуалIэм хьэл-щэн зырыз яхэлъщ. Дащепсалъэм деж, ар къэдмылъытэу хъунукъым. Хэбгъэзыхьмэ, психолог щэн гуэрхэри къызыкъудох. ЦIыхухэр къыдоцIыху, я гупсысэхэр зыхэтщIэ мэхъу. Си лэжьыгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр, дауи, Урысей Федерацэм и хабзэхэмрэ Урысей Банкым къигъэув мардэхэмрэ сригъуэзэн зэрыхуейрщ. Банкым щылажьэ экономистым ахэр зэтещыпыкIауэ ищIэн хуейщ. Дэтхэнэ зы Iуэхутхьэбзэри набдзэгубдзаплъэу къыдопщыт. Мыбдеж къэлъытапхъэщ къыдэхьэлIа хабзэхэр зэпымыууэ дджыжын, щIэуэ къащтэм дыщыгъуэзэн зэрыхуейр. Сыту жыпIэмэ, абыхэм щIэхщIэхыурэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ. ГъэщIэгъуэн, жыпIэмэ, гъэщIэгъуэнщ си лэжьыгъэр, сыдехьэх. Махуэ къэс щIэ гуэрхэр къызощIэ.

Набдзэгубдзаплъэу ущытыныр, пэжагъ пхэлъыныр, захуэм утетыныр, гупым уахэту улэжьэфыныр - ахэр пхэлъын хуейщ. А псом нэмыщI, ди IуэхущIапIэм и хабзэ нэхъыщхьэр - банк щэхур хъумэныр - къыхэзгъэщынут. Ди унафэщI Эндреев Борис зэрыжиIэщи, «лэжьапIэм дыщIэкIыжакъэ, абы епха псори зыщыдогъэгъупщэ».

**- Iэминэ, уи сабиигъуэмрэ IэщIагъэ пхуэхъуамрэ зэпыщIа, уехъуапсэу щыта экономист ухъуну?**

- Си сабиигъуэм епха гукъэкIыжхэр сыт щыгъуи гуапэщ. Анэшхуэ-адэшхуэм сазэрыбгъэдэсам къысхилъхьащ хуабагъэ мыкIуэщI. Си адэшхуэр езыр бухгалтерт. Школым сыщIэмытIысхьэ щIыкIэ абы сигъэщIат бжэкIи, зэрагъэбагъуэ зэрагъэшри, сригъэсат шахматрэ шашкэрэ сыджэгуфу. Арауэ къыщIэкIынущ сэ IэщIагъэ схуэхъуам гу хуэззыгъэщIари. Си анэри экономистщ. Экономист унагъуэм сыкъыхэхъукIащ.

**- Школым математикэмрэ физикэмрэ нэхъыфI дыдэу щыплъэгъуауэ къыщIэкIынущ...**

- Хьэуэ - тхыдэращ. Уеблэмэ тхыдэмкIэ егъэджакIуэ сыхъуну сехъуапсэрт.

**- Сыт хуэдэ тхыгъэхэм уеджэну нэхъ удихьэхрэ?**

- Тхылъ седжэн сфIэфIщ икIи жанр щхьэхуэ гуэр хэзубыдыкIыркъым. IуэрыIуатэри, художественнэ тхыгъэхэри, детективхэри, щIэнгъуазэ зэмылIэужьыгъуэхэри, усэхэри, тхыдэри соджэ. НэхъыфI дыдэу слъагъу усакIуэщ Лермонтовыр. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Толстой и «Война и мир», Крестовский и «Петербургские трущёбы», Оруэлл Джордж и «1984», Дюма и «Граф Монте - Кристо», Толкиен и «Властелин колец» тхыгъэхэр. Иджыпсту соджэ американ тхакIуэ Рэнд Айн и «Атлант расправил пле-чи» тхыгъэм. Тхылъхэр фIыуэ слъэгъуащ си сабиигъуэм щыщIэдзауэ. Ар сыт щыгъуи тхылъ зи Iэпэгъу си анэм тесха щапхъэщ. Унэм библиотекэ щыдиIэщ. СыщыцIыкIуми, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм сэ джэгуным ипэ изгъэщу щытащ тхылъхэр.

**- Лэжьыгъэм уакъыщыдэхуэм уи псэр сыткIэ бгъэнщIрэ?**

- ЗэрысхъэнIауэ, хэздыкIыну сфIэфIщи, лэжьыгъэм сыкъыщыдэхуэм деж абыкIи зытызогъэу. Си анэшхуэр дахэу дэуэ щытащ, си анэри мадэ. Сэри си мурадхэм хэтщ сыдэфу зезгъэсэну.

**- ЦIыху цIэрыIуэхэм жаIа Iущагъэхэм куэдрэ къэбгъэсэбэп яхэт?**

- «АхъшэкIэ къэпщэху хъуну псори - пудщ» Бернард Шоу и псалъэхэмкIэ сыарэзыщ. Ныбжьэгъугъэр, лъагъуныгъэр, пщIэр къыпхуэщэхунукъым. ГъащIэм сыт хуэдэ гъэунэхупIэ уригъэувэми, цIыхуу укъэнэн хуейщ. Уи гум жиIэмрэ уи напэм къезэгъымрэ утетмэ, ущыуэнукъым.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# Галактикэхэр гъунэгъу щызэхуэхъум

**NASA зэгухьэныгъэм (США) хуэлажьэ щIэныгъэлIхэм уахэ жыжьэм и зы плIанэпэм гу щылъатащ вагъуэ гуэрэнышхуэрэ абрагъуэу абдежым щызэхэт къэщIыгъэхэм (галактикэхэм) ящыщу тIур гъунэгъу дыдэ зэрызэхуэхъуам.**

ТЕЛЪЫДЖЭЛАЖЬЭ ящыхъуа а Iуэхугъуэр зэрекIуэкIым астрономхэр зэман гуэркIэ кIэлъыплъащ Щыым и хъуреягъыр езыр-езыру къэзылъэтыхь спутникхэм ящыщ зым хащIыхьа Хаббл телескопымкIэ.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, уахэ лъащIэм щызэхуэкIуэж галактикитIыр «Антеннэ» зи фIэщыгъэ нэгъуэщI вагъуэ гуэрэным и гъунэгъущ. А тIур нэхъапэхэм хабжэрт узэгу жыжьэм нэхъ «зыщызымыхъунщIэ» къэщIыгъэ зэпIэзэрытхэм, абы къыхэкIыуи, ахэр нэхъ зрагъэщхьыр дыщыпсэу вагъуэ зэрыбыну ШыхулъагъуэкIэ дызэджэр арат.

АрщхьэкIэ, NASA-м иригъэкIуэкIа иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, зи гугъу тщIы вагъуэ гуэрэнхэм «сабырафэ» етплъыныр абдежым къыщыдгъэнэжми хъунущ. Ар дэнэ къэна, щIэныгъэлIхэм гу зэрылъатамкIэ, зэхыхьэжын Iуэхур мы къэщIыгъитIым я дежкIэ хуабжьу «зыгъэсымаджэу» къыщIэкIащ.

Галактикэхэр гъунэгъу щызэхуэхъум, я зэхуаку къызэрыдэнамкIэ зи кIэн къимыкIа вагъуэхэу ящыщ дэтхэнэри ди Дыгъэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ инхэр узыгъэгушхуэн хуэдизи къахэмынэу зэпкърыщащ. Абыхэм я пIэкIэ галактикитIым я «гухъум» къыдэунэхукIащ гъуэзыпшэ гуэрэну зыхэзыша лъагъуэ шынагъуэр. А «бажэкIэм» япэщIыкIэ плъыжьыфэ-дыщафэу, иужьым щIыхуфэ хъужарэ зыми хуумыгъэдэн теплъэ иIэу астрономхэм закърагъэлъэгъуащ.

Щыым и хъуреягъыр къэзылъэтыхь спутникхэм хэт лъэщапIэхэм ящыщ зым хащIыхьа Хаббл телескопу ищхьэкIэ зи гугъу тщIам мыбы хуэдэ Iуэхухэр уахэ жыжьэм зэрыщекIуэкIым гу лъимытэнкIэ Iэмал иIакъым. ЩакIэлъыплъым, хьэршым галактикитI зэрыщызэхыхьэжыр къэзыгъэнаIуэ видео-теплъэгъуэхэр, нэхум и ультрафиолет спектрым къыхиубыдыкIахэр, трихащ.

ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, узгу пхыдзам нэрылъагъуу зыщызэблэзыхъу плъыфэбэр и щыхьэтщ а щIыпIэм щызэрихьэлIа вагъуэхэр шынагъуэ дыдэу зэрыщызэжьэхэуэм, уеблэмэ абдежым «дыгъэщIэхэри» къызэрыщыунэхум.

Уахэ жыжьэм щызэжьэхэуа галактикитIу UGC 2369 нагъыщэмкIэ хагъэунэхукIар зыхиубыдэр астрономхэм «Овен» зыфIаща вагъуэ гуэрэн абрагъуэрщ. АтIэми, NASA-м щылажьэ щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, мы тIур зэхыхьэжын щIадза къудейщ, мы зэманым ди нэгу къызэрыIуидзэм тетщIыхьмэ, къэрикIуэну (е къэрикIуа) псори дэркIэ зэрызэхэгъэкIа щыIэкъым. Иджыпсту кIэ щыхьэт дызытехъуэр, ищхьэкIи зэрыщыжытIащи, я зэхуаку къыщыунэхуа «бажэкIэм» екIуэтэлIа «дыгъэхэр», хуей-хуэмейми, зэхигъэткIухьу зэрызыхилъыпщIэрщ. Ауэ, а Iуэхур уахътэм апхуэдизу щыукъуэдиищащи, зэману текIуэдэнури, мыIыкIуфэкIуу, илъэс мелуан зыщыплI къудейщ. КIэлъыплъхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдиз дэкIа иужькIэщ, къэщIыгъитIыр зэхыхьэжыпэу зы галактикэм щыхуэкIуэжынури.

Мыр я гъуазэрэ щапхъэу, астрономхэм зэхагъэкIыну я мурадщ дыщыпсэу Шыхулъагъуэмрэ (Млечный путь) абы псом нэхърэ нэхъ къыпэгъунэгъу Андромедэмрэ къапэплъэр зыхуэдэри, сыту жыпIэмэ, мы иужьреитIри зэхыхьэжын IуэхукIэ зэхуеIэхэм ящыщщи. АрщхьэкIэ, абыхэм апхуэдэ къащыщыщIынкIэ хъунур, къызэрабжамкIэ, илъэс мелларди 4 дэкIа иужькIэщ. А щIыкIэм тету къэунэхуну зыхуагъэфащэ галактикэщIэм астрономхэм, тIэкIу епэсэуами, цIэуэ фIащари гъэщIэгъуэнщ - «Млекомедэ».

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 23,** *щэбэт*

♦**Джейхэмрэ хыкхъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и сату IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1923 гъэм** къалъхуащ совет дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Мырзэбэч (Борис)**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Дзыхьмыщ Къэралбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 24,** *тхьэмахуэ*

♦**Уи щхьэр езым бгъэфIэжыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Кадастр инженерым и махуэр**

♦**1942 гъэм** нэмыцэдзэхэм Дон Iуфэ Iус Ростов къалэр яубыдащ икIи Кавказыр къэзэуным яужь ихьащ.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, критик, литературэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ Адыгейм щыщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 25,** *блыщхьэ*

♦**1886 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, юстицэмкIэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафIэдз) Умар**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Ахъмэт Мухьэдин**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академикыу щыта, Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъут Шэмсэдин**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ АР-м и къэрал лэжьакIуэ, журналист, политикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **КIэрашэ Аслъэнбэч**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ география щIэныгъэхэмкIэ доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав**.

♦**1972 гъэм** къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор**.

♦**1983 гъэм** къалъхуащ боксёр, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа, Урысейм бокс спорт лIэужьыгъуэмкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Хъурачэ Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъутэ.**

Тхакlуэ, усакlуэ, зэдзэкlакlуэ КIурашын БетIал къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

# Лъэпкъым хуэлэжьа



КIурашын БетIал Мухьэмэд и къуэр Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Дзэлыкъуэкъуажэ 1932 гъэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэсибл щрикъум, къуажэ еджапIэм щIэтIысхьащ. 1949 гъэм, курыт еджапIэр фIыуэ къеухри, связым и конторэм щылэжьэн щIидзащ. Ауэ щIалэщIэм и мурадтэкъым абдеж къыщыувыIэну. Ар куэд щIауэ тхылъым дихьэхырт. Псом хуэмыдэжу ар зыхуэнэхъуеиншэр художественнэ тхыгъэхэрт. БетIал, адыгэбзэм къыдэкIуэу, урысыбзэми хуэшэрыуэти, куэдрэ мыгупсысэу, Къэбэрдей институтым и филологие факультетым 1950 гъэм щIотIысхьэ.

Дунейпсо классикэм фIыуэ щыгъуазэу, адыгэ IуэрыIуатэм, литературэм нэхъри дахьэхауэ, сыт хуэдэ утыкуми укъыщимыгъэукIытэну адыгэбзэкIи урысыбзэкIи псалъэу, тхэуэ БетIал 1954 гъэм институтыр къиухащ. А псори къалъытэри, и ныбжькIэ щIалэми, 1954 гъэм ар Москва ягъакIуэ - Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театральнэ институтым щIэс къэбэрдей студиер адыгэбзэмкIэ иригъэджэну. А щIалэгъуалэ дыгъэлым актёрышхуи, режиссёр цIэрыIуи, тхакIуи, журналисти къахэкIащ (Къаздэхъу СулътIан, Сэкрэк Мухьэдин, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Болэ Лилэ, Щоджэн Хьэбас, Срыкъуэ ХьэмщIасэ, Урыс Мухьэзир, Къущхьэ Къанщобий сымэ). Москва щыщылэжьа илъэсхэм (1954 - 1957) БетIал Iэмал игъуэтащ дунейпсо драматургием нэсу щыгъуазэ зыхуищIыну. Щыхьэрышхуэм дэт театр нэхъыфIхэм кIуэурэ артист Iэзэхэм я джэгукIэм гупсэхуу кIэлъыплъырт, сценэм и «щэхухэр» зригъащIэрт. ИужькIэ ар икъукIэ сэбэп къыхуэхъужащ КIурашыным: республикэм къыщыдэкI журналхэмрэ газетхэмрэ ди лъэпкъ драматургием, театрым, актёрхэм я лэжьыгъэм теухуауэ тетауэ хъуам я зэхуэдитIыр зи IэдакъэщIэкIыр БетIалщ. «Iуащхьэмахуэ» журналым драматургиемрэ критикэмкIэ и редактору илъэсищкIэ щылэжьауэ, БетIал телевиденэм яшэ, литературэ-драматическэ редакцэм и унафэщIу икIи пенсэм кIуэху (1997 гъэ пщIондэ), абы щолажьэ. И гъащIэм щыщу илъэс 40-м нэблагъэ ди телевиденэр зэфIэувэным иритащ а цIыху емышыжым. Ар сыт щыгъуи хущIэкъурт адыгэ литературэм и фIыпIэр телевиденэм и IэмалхэмкIэ цIыхум я деж нихьэсыну, ди тхакIуэ пажэхэр щIэх-щIэхыурэ иригъэблагъэрт, щIэуэ литературэм къыхыхьэм хуэфащэ гулъытэ зэригъуэтыным елIалIэрт, тхакIуэ ныбжьыщIэхэми теплъэкъукIыртэкъым.

КIурашыным и нэIэ зытетыр литературэм и закъуэтэкъым. Абы и гулъытэр нэсырт щэнхабзэми, гъуазджэм и дэтхэнэ Iыхьэми, адыгэ хабзэми, нэмысми, лъэпкъым и IуэрыIуатэми. Аращ «ХьэщIэщ» зыфIища IуэрыIуатэ-этнографие тележурналыр БетIал къызэригъэпэщын хуей щIэхъуари. ЩIэныгъэлIу, тхакIуэу, адыгэ гъуазджэм и лIыкIуэу, къэхутакIуэу, критикыу е журналисту цIэрэ щхьэрэ зиIэ псори а журналым къришалIэу, абы и лэжьыгъэми щхьэж хилъхьэфынур къыпихыу, - апхуэдэут БетIал а Iуэхум зэрыбгъэдэтыр. ИкIи абы мащIэ хузэфIэкIауэ жыпIэ хъунукъым: цIыхур зыпэплъэ, и пIалъэр къыщысым и деж зэплъ «ХьэщIэщ» журналыр ищIат. КIурашын БетIал и лъэпкъым хуиIуэтэнур куэд хъурт. А псор, зэрыжаIэщи, «кадрым итIасэртэкъым». Къэхутэныгъэ лэжьыгъэр, литературэ портрет, очерк жыхуаIэм хуэдэхэр нэхъ къыщезэгъынур мащIэтэкъым. ИкIи телевиденэм щилэжьым къыдэкIуэу, а лэжьыгъэри БетIал егъэзащIэ: республикэм къыщыдэкI газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуэрт абы и тхыгъэхэр, зым и ужь зыр кIэщIу иту и тхылъхэри (адыгэбзэкIи урысыбзэкIи) къыдэкIырт («Хасэ», 1969; «Упсэу», 1979; «ФIэхъус апщий», 1991; «Гъуазэ», 1996; «Лъэпкъ гъуазэ», 2000; «В кругу друзей», 1973; «Али Шогенцуков. Этюды о человеке и поэте», 1975; «Добро души народного поэта», 1978; «Содружество муз», 1982; н.). КIурашын БетIал и тхыгъэхэм, и тхылъхэм Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэ. Ар дихьэхауэ ятетхыхьырт XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэм къахэкIа тхакIуэ-усакIуэ ахъырзэманхэм (Нэгумэ Шорэ, Ахъмэтыкъуэ Къазибэч, н.), зэман нэхъ жыжьэхэми щыхэIэбэ щыIэт (Вольтер и цIыхугъэу щыта адыгэ цIыхубз-тхакIуэ ШарлоттэХьэIишэт), ПащIэ Бэчмырзэрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ тригъэзэж зэпытт. Иджырей литературэм Iуэхур щыхуэкIуэм и деж, лъэпкъ драматургием, театрым и лэжьакIуэхэм гулъытэ хэха яхуищIырт. Зэи игу хуэмызагъэу КIурашыным къызытригъэзэжу щыта Iуэхугъуэр сыт жыпIэмэ, ар - лъэпкъхэм, литературэм я зэпыщIэныгъэрщ, абыхэм я лIыкIуэ нэсхэм я зэныбжьэгъугъэрщ.

БетIал цIыху гуапэу зэрыщытар кърибгъэлъэгъуэну мы зыр пхурикъуни: абы и тхылъыщIэ къыдэкIар и ныбжьэгъухэм, и цIыхугъэхэм езым яхуихьырти и IэкIэ яритырт, гуапэ ящыхъун гуэри яхутритхауэ. Мис, псалъэм и хьэтыркIэ, сэ абы «Упсэум» къысхутритхар: «Уи мурадым уи Iэр техуэу!» «ФIэхъус апщийм» мыпхуэдэу къысхутретхэ: «Хъуар зыщIэр ди Тхьэрщ, жаIэ, ауэ, хэт ищIэрэ, ар къызэращIэ мывэупцIэ ущиIэкIэ, умыщхьэхыу, къеджи, пэжым нэр ирищIу схуэIуэтэж. Ари щыщщ ныбжьэгъугъэм». Иужь дыдэу къыдигъэкIыжа тхылъым - «Лъэпкъ гъуазэм» - мыпхуэдэу къысхутритхащ БетIал: «Сэ узэрыслъагъум хуэдэу ди Тхьэми цIыхуми укъаулъагъу!» Мыпхуэдэу жаIэ: цIыхур дунейм ехыжамэ, ар щыщIалъхьэ махуэм и сыныр хуагъэувмэ, а сыныр лIам и псапэм хашачэу. КIурашын БетIал псэу щIыкIэ езым зыхуигъэувыжащ и сыныр. А сыныр - адыгэ лъэпкъым, а лъэпкъым къыхэкIа лIы щэджащэхэм КIурашын БетIал яхуиIа лъагъуныгъэр къыщиIуэта и тхылъхэрщ.

**КЪЭЖЭР Хьэмид.**
*2017 гъэ*

# Къулыкъуу щыIэм я нэхъ лъапIэу ибжырт щэнхабзэр

Публицистикэр нобэрей зэманым ипэ иту мэбакъуэ, къэкIуэнур и гъуазэу, абы хуэлэжьын хуейхэр къегъэув. Ар зыхуэгъэзар цIыхубэм я дуней тетыкIэм и зы лъэныкъуэкъым, атIэ а цIыхубэм я гупсысэм зэрыщыту хуэгъэпсащ.

ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ, щIыжаIэжыр, абы и лъэпкъэгъухэм заузэщIын папщIэ хузэфIэкIар къалъытэри аращ. Дэ дызэреплъымкIэ, КIурашын БетIал нобэми къэкIуэнуми хуэгъэпса и Iэужьхэм яIэ мыхьэнэмкIэ ДзэлыкъуэщIым зы зэман щыпсэуа узэщIакIуэхэу Нэгумэ Шорэ, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн, Къэшэж ТIалиб сымэ ябгъэдэбгъэувэну хуэфащэщ.

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*публицист, критик. 2012 гъэ*

# Литературэдж гумызагъэ, критик гъуэзэджэ

Адыгэ литературэмрэ щэнхабзэмрэ я тхыдэм къыхэнащ КIурашын БетIал и цIэр литературэдж гумызагъэу, критик гъуэзэджэу. Абы щIэныгъэ хъарзынэ зригъэгъуэтащ, Къэбэрдей пединститутыр къиуха нэужьи езыр-езыру еджэн зэпигъэуакъым. Ар псэухуи еджащ, зы махуи димыгъэхуу.

КIурашыныр тхылъ щащэ тыкуэн хуэзамэ, абы щIэмыхьэу зэрыблэпшыфын щыIэтэкъым. ЗэрыщIыхьэуи, ди лъэпкъым, тхыдэм теухуа тхылъыр миным къахилъагъукIырт. Абы хэджыхьырти, къищэхурт. БетIал асыхьэтым гу зылъитэр нэгъуэщIыр мазэкIэ лъыхъуэми къыхуэгъуэтынтэкъым. КъызыхэкIар, зи хэкур фIыуэ зылъагъу щIалэм и гур хуитхьэщIыкIат и лъэпкъым. НэхъыфIу дунейм тетыр ар щэнхабзэуи щрырет, ар лIыгъэ ехьэжьа ирехъу, зыми имыщIэ, иджыри къэс зыщымыгъуазэ гуэр абы къигъуэтыжамэ, ар гуфIэгъуэ мыкIуэщIт.

КIурашыным мылъкум я нэхъ лъапIэу ибжыр тхылърати, укъыщалъхуа махуэу е нэгъуэщI гуфIэгъуэ щхьэусыгъуэ гуэр уиIэу БетIал укъищIарэ а и тхылъ къомым хэплъэу, и гум къыщIитхъми, зыкъуимыгъащIэу, зы тхылъ къыхихрэ къуитамэ, ар къыпхуэарэзы дыдэу арат.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа, адыгэ лъабжьэ зиIэ цIыху цIэрыIуэхэр дэнэ щыIэми БетIал ищIэ къудейтэкъым, атIэ абы и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и IуэхущIафэхэм, и ехъулIэныгъэхэм къанэ щымыIэу щыгъуазэт. Франджы литературэм и классик Шарлоттэ ХьэIишэт (мадемуазель Аиссе) и тхылъыр Ленинград урысыбзэкIэ къызэрыщыдагъэкIыр къищIати, ар къыдэзыгъэкI тхылъ тедзапIэм БетIал письмо хуитхыу и лъэIукIэ тхылъипщI къыщыхурагъэхьым, и ныбжьэгъухэм яхуигуэшащ. Сэри къыслъысат абыхэм ящыщ зы.

КIурашын БетIал адыгэ хабзэр, адыгэ нэмысыр фIы дыдэу ищIэ къудейтэкъым, атIэ ахэр зымыщIэр, зыфIэмыгъэщIэгъуэныр ныбжьэгъу ищIын дэнэ къэна, ауэ кIуэгъужэгъу къудей хуэхъункIэ Iэмал иIэтэкъым.

БетIал жьэнахуэт, къыбдигъуэр ехьэкI лъэпкъ хэмылъу къыбжиIэфынут. ФIы къыбдилъэгъуами, псалъэ гуапэхэм щымысхьу къыптрикIутэнут. Абы и унэр цIыху кIуапIэти, тхакIуэхэр, сурэтыщIхэр, уэрэджыIакIуэхэр, артистхэр, литературэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр куэдрэ щызэхуэсырт. Ахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр адыгэхэмрэ адыгагъэмрэт, лъэпкъым и гъащIэмрэ и къэкIуэнумрэт.

БетIал зэи къулыкъущIэкъуу щытакъым. Къулыкъуу щыIэм я нэхъ лъапIэу ибжыр литературэмрэ щэнхабзэмрэ лъэужь дахэ къыхинэнырт. Аращ псэухункIэ зыхуэлэжьари зыхуэпсэуари.

«ХьэщIэщ», «Лъыхъуэм къегъуэт», «IуэрыIуатэ дыщэ пхъуантэ» мыкIуэдыжынщ БетIал фэеплъу къытхуигъэнар. КIурашыным и нэтынхэм, и телеспектаклхэм жьантIэр щаIыгът ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIуащ БетIал, КIыщокъуэ Алим, литературэм зезыгъэужьа нэгъуэщI ди тхакIуэхэм.

БетIал «уей-уей» жригъэIэу лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуэлэжьащ. ЗылI хузэфIэкIыни абы хищIыхьащ. Езыр къытхэмытыжми, и тхыгъэхэр, и тхылъхэр къэнащ. Ахэр фIым ухуэзыущийщ, уи лъэпкъыр фIыуэ уэзыгъэлъагъущ.

**ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин.**
*2012 гъэ*

# Зиужьу, ефIакIуэу

**Бадзэуэгъуэм и 18-м илъэс 95-рэ ирикъуащ МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъ IэнатIэр къызэрызэрагъэпэщрэ.**

АБЫ и тхыдэм къежьапIэ хуэхъуащ МафIэс кIэлъыплъыныгъэмкIэ къэрал IэнатIэм теухуа положенэр РСФСР-м 1927 гъэм къызэрыщащтар. КъызэринэкIа илъэсхэм уриплъэжмэ, IэнатIэм зиужьу, ефIакIуэу къокIуэкI. МафIэсым пэщIэт къэрал IуэхущIапIэри МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъ IэнатIэри Урысей МЧС-м щыщ хъуащ 2001 гъэм.

Я лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, ар мафIэс минищэ бжыгъэхэр къызэрамыгъэхъуарщ, цIыху гъащIэ минипщIхэр къызэрырагъэларщ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэу къонэж мафIэс къэмыгъэхъуныр, апхуэдэуи абыхэм цIыхуу хэкIуадэр гъэмэщIэныр. НобэкIэ Урысей МЧС-м и кIэлъыплъакIуэ IэнатIэр мафIэс къэмыгъэхъунымрэ профилактикэмкIэ зэфIэкI зиIэщ икIи лъэщщ, апхуэдэуи граждан зыхъумэжыныгъэмрэ цIыхухэр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щыхъумэнымкIэ къалэнхэм полъэщ.

Профилактикэ, кIэлъыплъыныгъэ Iуэхухэр тэмэму зэрызэтеублам и фIыгъэкIэ мафIэсу къэхъур иужь илъэсхэм зэрехыр наIуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ МЧС-м и унафэщIым и къуэдзэ - управленэм и унафэщI Хьэжыкъарэ Мухьэмэд къызэрыхигъэщащи, кIэлъыплъыныгъэ, профилактикэ лэжьыгъэхэр муниципальнэ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщ инспектор 56-м. Управленэ нэхъыщхьэм и кIэлъыплъыныгъэ IэнатIэхэм я нэIэм щIэтщ объект мин 23-м щIигъу.



Законодательствэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэм къыхэкIыу мы гъэм я нэIэ зытетым и Iыхьэшхуэр хагъэкIащ илъэс планым. 2022 гъэм абы хыхьэ къэпщытэныгъэкIэлъыплъыныгъэ Iуэху 236-рэ щрагъэкIуэкIыну я мурадщ къызэрымыкIуэ икIи шынагъуэ зыпылъ объектхэм хиубыдэхэм. Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым планым хиубыдэу 157-рэ, хэмыхьэу 52-рэ къэпщытэныгъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIати, мафIэс шынагъуэншагъэм къигъэувхэр ямыгъэзащIэу 2300-рэ къыщIагъэщащ, ахэр ягъэзэкIуэжыным теухуа тхылъ 134-рэ иратащ икIи, административнэ хабзэм зэребэкъуам къыхэкIыу, Iуэху 200-м щIигъу къаIэтащ.

Инспекторхэм я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр IэнатIэм и унафэщIым тезыр телъхьэнырkъым, атIэ мафIэс шынагъуэншагъэр тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ чэнджэщ етынырщ. Я лэжьыгъэм гулъытэ хэха зыщыхуащIхэм ящыщщ цIыху зэхуэсыпIэхэр, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэр. Инспекторхэр щолажьэ школхэм, сабийхэм йопсалъэ, тематикэ зэпеуэхэр ирагъэкIуэкI, цIыхухэм щахуозэ щыпсэу щIыпIэхэм. ГПН-м и инспекторым и лэжьыгъэр убгъуащ икIи жэщ-махуэ яIэкъым.

МафIэсым кIэлъыплъынымкIэ къэрал IуэхущIапIэм и ветеранхэми IэнатIэм пэрыт лэжьакIуэхэми дохъуэхъу я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ. Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэрэ ехъулIэныгъэрэ я лэжьыгъэм щаIэну ди гуапэщ.

***КъБР-м щыIэ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэ.***

Юбилей

# «Си зэманыр иджыри къэсакъым»



***КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Хьэжу Руслан къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.***

***И ІэдакъэщІэкІхэмкІэ ди щІыналъэми абы и адрыщІкІи къыщацІыхуа ди лъэпкъэгъум и лэжьыгъэхэр уахътыншэми, иужьрей илъэсхэм абы куэд зэрытемытхыхьар дигу къеуэри, и махуэ лъапІэм ирихьэлІэу, и ныбжьэгъухэм, и ІэдакъэщІкІхэр фІыуэ зылъагъуу щытахэм, и бынхэм захуэдгъэзащ. Апхуэдиз лэжьыгъэ телъыджэ дунейм къытезыгъэхьа, зи псэ Іыхьэ лъэпкъ гъуазджэм хэзылъхьа цІыхум и цІэр и щІагъ бгъэкІуэныр захуагъэкъым.***

***1932 гъэм Руслан Тэрч къалэ къыщалъхуащ. Ебланэ классыр къиуха иужькІэ, сурэтыщІ цІэрыІуэ Гусаченкэ Николай и фІыгъэкІэ Ленинград дэт художественнэ студием щІэтІысхьащ, и унагъуэ Іуэхухэр зэрызэхуэмыхъум къыхэкІыу, къыщІэкІыжын хуей хъуащ. ЕджапІэр къигъэнами, сурэт щІыныр Руслан зэи ІэщІыб хуэщІакъым. Армэм къулыкъу щищІа иужькІэ, Саратов дэт художественнэ училищэм щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Ар къиухщ, къигъэзэжри, къуэпсым и къарумрэ и ІэфІымрэ нэхъ куужу зыхэзыщІа щІалэм и ІэдакъэщІэкІхэр щІыналъэм и щІыуэпс телъыджэм, и лъахэгъухэм ятриухуащ.***

***Дриплъэжынти и гъащІэм:***

***1954 гъэм ВЛКСМ-м и Тэрч райкомым оргинструктору мэлажьэ;***

***1956 гъэм Тэрч дэт илъэсибл школым сурэт щІынымкІэ щрегъаджэ;***

***1956 гъэм Саратов макІуэри, хьэлъэзехьэу мэлажьэ;***

***1957 - 1961 гъэхэм Саратов дэт Художественнэ училищэм щІэныгъэ щызрегъэгъуэт;***

***1961 гъэм Налшык къегъэзэжри, РСФСР-м и Художественнэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм сурэтыщІу щыІэщ;***

***1966 гъэм ар тхылъ тедзапІэм щолажьэ;***

***1967 гъэм Урысейм и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэ;***

***1991 гъэм къыхуагъэфащэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ сурэтыщІ» цІэ лъапІэр.***

***Руслан и лэжьыгъэхэм щыщу псом хуэмыдэу цІэрыІуэ хъуащ «ХъупІэм», «Даущыншэ», «Бгым и теплъэ», «Тхыдэ лъэужьхэр» зыфІищахэр.***

***КъБР-м и сурэтыщІ нэхъыфІхэм халъытэу щыта Хьэжу Руслан и лэжьыгъэм увыпІэшхуэ щиубыдырт лъэпкъым и щыІэкІэ-псэукІэм - адыгэхэм я иджырей дунейм, тхыдэ жыжьэм, нарт эпосым...***

***Хьэжу Руслан сурэтыщІ цІэрыІуэщ. Апхуэдэу ар графикэми хуэІэзэщ. Тхылъ куэдым ярыт сурэтхэр абы ищІащ. Ди щІыналъэми адрыщІкІи щекІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэ куэдым хэтащ.***

***1959, 1960, 1961, 1963, 1965, 1994, 1996 гъэхэм Налшык къалэ щекІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэхэм Хьэжум и ІэдакъэщІэкІхэр утыку къыщрихьащ.***

***1962 гъэм Орджоникидзе (иджы Владикавказ), 1963, 1966 гъэхэм Москва сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щыщекІуэкІам Хьэжури хагъэхьауэ щытащ. 1965 - 1966 гъэхэм Мэхъэчкъалэ, 1967 гъэм Краснодар, 1985 гъэм Сириемрэ Иорданиемрэ - зэрытлъагъуащи, абы и ІэдакъэщІэкІхэм щІэупщІэ яІащ.***

***Русланрэ и щхьэгъусэ Хьэжу Зинаидэрэ пхъуитІрэ зы щІалэрэ зэдапІащ.***

## Пхъум и псалъэ

Си адэм иІа ехъулІэныгъэ, и зэфІэкІ емылъытауэ, дапщэщи цІыху къызэрыгуэкІыу къэнэн зэрыхузэфІэкІыр згъэщІагъуэу хэлъа хьэлхэм ящыщщ. Гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэ хуэтщІыну къытхуидэртэкъым, «ФымыпІащІэ, сэ си зэманыр иджыри къэсакъым», - жиІэ зэпытт. Ауэ щыхъукІи, си адэр зэкІуэцІылъу щытакъым, цІыхур фІыуэ илъагъурт, нэІурытт.

Ар дунейм ехыжу илъэс зыбжанэ дэкІыжа иужь и ІэдакъэщІэкІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ЩэнхабзэмкІэ фондым къыщызэдгъэпэщри, ипэкІэ дунейм къытримыгъэхьа и лэжьыгъэхэр утыку къитхьат.

Ди адэр зэи лэжьыгъэншэ хъуакъым, дапщэщи зэлэжьын иІэт. Псом хуэмыдэу абы щІыуэпсыр фІыуэ илъагъурти, щІэхщІэхыурэ бгыхэм кІуэрт. Налшык, Захаровымрэ Ленинымрэ я уэрам зэпыхьэпІэм тет лъэщапІэр къызэрызэІуахар зи фІыщІэр аращ. Абы и гъусащ Сындыку Алексейрэ Трындык Николайрэ.

ИтІанэ, газетеджэхэм мыри ящІэну сыхуейт. Ди адэр КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хамыгъэхьэ щІыкІэ Урысейм ейм хагъэхьауэ щытащ.

Дэ зэрыбынищ дохъури, ди адэм и ІэщІагъэр къэзыщтэжауэ тхэтыр ди дэлъху Мурат и закъуэщ. Абы Орджоникидзе дэт Художественнэ школ нэхъыщхьэр къиухащ, икъукІэ егъэджакІуэ цІэрыІуэхэр, егъэджакІуэфІхэр иІащ. ГъэщІэгъуэнракъэ, ІэщІагъэ зэмыщхьитІ екІуу зэдехь Мурат, ар профессиональнэу дзюдоми хэтщ.

Мы зэманым дэ Берлин дыщопсэу. Абы япэу дыкъызэрыкІуари гъэщІэгъуэнщ. Германием илъэс къэс щрагъэкІуэкІ жармыкІэ-гъэлъэгъуэныгъэм щамыщэ укІуэдыж жыхуаІэм хуэдэщ. Сытми, 1995 гъэм апхуэдэ жармыкІэм си дэлъхум сэрэ дыкІуат. Папэрэ Муратрэ я сурэт абы тхьахэр къызэрымыкІуэу ягу ирихьри, ящыщ куэд ящэхуауэ щытащ. Абы иужькІэ си дэлъхур Берлин щыпсэуну къэнащ. Илъэсих ипэ мультипликатор ІэщІагъэмкІэ аспирантурэр къыщиухыжри, ирилэжьэн щІидзащи, мыІейуэ къохъулІэ.

Дыхуэарэзыщ ди адэм, ди гъащІэм щыдиІэ ехъулІэныгъэхэм абы и фІыщІэ куэд зэрыхэлъым шэч хэлъкъым.

**ХЬЭЖУ Мадинэ**.

## СурэтыщІ жумарт

Руслан теухуауэ псалъэ гуапэ фІэкІа схужыІэнукъым. Ар зи дуней еплъыкІэ, гупсысэ зиІэж цІыхут, сурэтыщІт. Абы и ІэдакъэщІэкІхэр адрейхэм хэзымыгъэгъуащэ нагъыщэ, дамыгъэ яІэжт, аращ хъэтІкІэ зэджэжыр.

Руслан и гъусэу а лъэхъэнэм лъэпкъыр къыкъуэгушхукІыу сурэтыщІ гупыфІ щыІащ. Апхуэдэщ Темыркъан Владимир, Акъсырэ МуІэед, Жэрэщты Александр сымэ, нэгъуэщІхэри.

Сыт хуэдэ цІыху ІэпщІэлъапщІэми хуэдэу, Руслан зэи лэжьыгъэншэ хъуртэкъым. ИтІанэ, куэдым ядумылъагъун хьэлыфІхэр хэлът, жумартт. И лэжьыгъэхэм щыщкІэ и ныбжьэгъу сурэтыщІхэми ядэгуашэурэ, ахъшэ къаригъэлэжьырт. СурэтыщІ бэлыхьт. Си фІэщ хъуркъым гъуазджэм зымащІэкІэ дихьэхыу ар зымыцІыху ди республикэм ису.

**ПАЩТЫ Герман**,
*УФ-м и цІыхубэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ.*

## И цІэм сыхуеплъэкІыу сопсэу

Си адэм теухуа гукъэкІыжхэр зэрыгурыІуэгъуэщи куэдщ. СызэрыцІыкІурэ гъукІэгъэсэну сыбгъурытащ. Ди адэр щылъащэ кІыщыр унэм пэгъунэгъути, абы сыкъыщІэмыкІыу сыщІэст. Си закъуэтэкъым, ди хьэблэм сабийуэ дэсым яфІэфІт абы зыщаплъыхьыну, зыгуэрхэм зыщыхуагъэсэну. Іэпыдзлъэпыдзу сриІэхукІэ, ди адэм сыхуиущиящ сурэт щІыным и щэхухэм. ТІэкІу нэхъ сыкъыдэкІуэтея иужь ХудожествэмкІэ сабий школым сритащ. Абы сыщІэсурэ спортым сыдихьэхри, дзюдом зыхуезгъэсэн щІэздзати, художествэмкІэ школым сыхуэмеижу къэслъытэри, цІыхум сыкъамыщІэу хыфІэздзат. Ар ди адэм къищІэнкІэ сышынэрт. Апхуэдэу куэдрэ екІуэкІынт?! СыкъищІащ. «Уэ сурэт щІынымкІэ иджыри къэбгъэзэжынущ!» - къызжиІат. Апхуэдэуи хъуащ. Армэ нэужьым сурэт щІын щІэздзэжри, щхьэ къэІэт симыІэу сыдихьэхыжат. Мис а лъэхъэнэм си адэр къызэрымыкІуэу къыздэІэпыкъуащ. Осетие Ищхъэрэ - Аланием еджапІэ сыщыщІигъэтІысхьащ. КъызэрыздэІэпыкъуа псом нэхъ лъапІэр си лэжьыгъэхэм я ныкъусэныгъэр зэрызигъэлъагъужырт. Абы и лъэныкъуэкІэ зэи къысщысхьакъым. Сэри ар си жагъуэ хъун хуейуэ къысщыхъуртэкъыми, тыншу дыкъызэдекІуэкІырт.

Си адэр цІыху лэжьакІуэт. Узбекистаным куэдрэ ирагъэблагъэрти, сэри сыщыздиша къысхуихуащ, абыхэм я мывэ сынхэр, ухуэныгъэ телъыджэхэр нобэми си нэгу щІэтщ.

ЕтІуанэ курсым сыщІэсу арат, абы ищІын хуейуэ къыпэщылъ лэжьыгъэхэм ящыщ къыщызитам. Си дежкІэ ар къызэрымыкІуэу пщІэшхуэт, дзыхьт.

СэркІэ си адэр щапхъэт, пщІэт. Абы и лэжьыгъэхэм сигу иримыхь яхэткъым, ауэ Іуащхьэмахуэ лъапэ деж адыгэ Іэнэм лъэпкъ шхыныгъуэхэр телъу ищІа сурэтым пэсщІын яхэткъым. Хэкум, лъэпкъым сыпызыщІэ мэгъу къару гуэр хэлъщ а сурэтым. Мис аращ сэ Іэзагъэ нэскІэ сызэджэр. Апхуэдэщ кхъухьлъатэзехуэ цІэрыІуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь Къанкъуэщ Ахъмэтхъан и сурэтри.

Ди адэм сызыхуигъэса куэд гъащІэм къыщысхуэсэбэпыжащ. Нобэр къыздэсым, ар зыгъэукІытэн Іуэху зэрызмылэжьыным сыхущІокъу, сыкъызэплъэкІыжурэ абы и цІэм сыхуеплъэкІыу сопсэу.

Ди адэм и сурэт нэхъ цІыкІухэр Берлин къэсхьауэ щызохъумэ, нэхъ инхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэщ. Дунейр зэтесабырыжэмэ, Іэмал имыІэу, абы и ІэдакъэщІэкІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ сщІыну си мурадщ.

**ХЬЭЖУ Мурат**.

## Адыгэ щІалэ нэст

Илъэс 50-м щІигъукІэ журналисту сылэжьащ. ІэнатІэр къыщыщІэздзар телевиденэрати, артистхэр, художниккхэр, композиторхэр, тхакІуэхэр хэту щІэхщІэхыурэ нэтын гъэщІэгъуэнхэр дгъэхьэзырырт. Нэхъыбэ дыдэрэ къезгъэблагъэхэм ящыщт сурэтыщІхэр. А лъэхъэнэм гугъэфІхэр уагъэщІу сурэтыщІ ныбжьыщІэу гупыфІ диІэт. Абыхэм ящыщщ ди къуажэгъу щІалэ Жэрэщты Аслъэнбий, Темыркъан Владимир, БжэІумых Хьид, ТхьэкІумашэ Михаил сымэ. Абыхэм я деж сыкІуэурэ Руслан къэсцІыхуауэ щытащ. Псом нэхъ си ныбжьэгъур Темыркъанрат. Абы нэхъ и ныбжьэгъухэм Хьэжу Руслан ящыщти, апхуэдэурэ къэсцІыхуащ. АтІэми, абы и лъэщапІэмрэ сэ сыздыщыпсэу унэмрэ зэбгъурытти, нэхъыбэрэ дызэрыщІэну Іэмал диІэт, махуэ щІагъуэ дэмыкІыу дызэрылъагъурт. Руслан адыгэ щІалэ нэст, сурэтыщІ Іэзэт, хабзэри бзыпхъэри ищІэрт, къызэрымыкІуэу щІалэ жумартт, «И Іэгу и Іэнэщ», - жыхуаІэм хуэдэт. А зэманым сурэтыщІхэмрэ композиторхэмрэ нэхъ хуэщІауэ, нэхъыфІу псэухэм ящыщу щытащ, сыту жыпІэмэ, я лэжьыгъэм щІэупщІэ яІэт. ТхакІуэхэр абыхэм дехъуапсэрт, я Іуэху зэрыдэкІым къыхэкІыу.

Дэ ахъшэ къэдлэжьын папщІэ, ди лэжьыгъэ, тхылъ щхьэхуэ дунейм къытехьэн хуейт. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ар гъуэгуанэ кІыхьт. Абы елъытауэ сурэтыщІым и Іуэхур нэхъ тыншщ, дауи. А псор щІыжысІэр Руслан и жумартагъым и гугъу фхуэсщІыну сыхуейщи аращ. СурэтыщІ нэхъ цІэрыІуэхэм, лэжьыгъэ нэхъыбэ пщІэкІэ зрагъэщІхэм ящыщт Хьэжур. Руслан зэи ахъшэншэ хъуртэкъым, ауэ щыхъукІи, и жыпым зэи ахъшэ хуигъэлъыртэкъым, сыту жыпІэмэ, ныбжьэгъу и куэдт, езыри цІыху хьэлэлти, псоми ядэгуашэрт. Уеблэмэ ар тенджызым е нэгъуэщІ щІыпІэ зыгъэпсэхуакІуэ щыкІуэкІэ, и ныбжьэгъу щІалэ зыбжанэ езым и хьэкъкІэ здишэрт. Абы и ныбжьэгъушхуэу щытахэм ящыщщ тхакІуэхэу КІурашын БетІал, Къэрмокъуэ Хьэмид сымэ. «Іуащхьэмахуэ» журналым щылэжьэн щІэздза иужькІэ, Руслан нэхъыфІу къэсцІыхуащ. Журналым къытехуэ тхыгъэхэр нэхъ гъэщІэгъуэн хъун папщІэ, Хьэжум сурэтхэр хуедгъэщІырт.

ЗэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъа Руслан, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъащІэ кІыхьу щытакъым, нэхъыбэрэ псэуамэ, зэрызиузэщІынум шэч хэлътэкъым. Ауэ «куэд къимыгъащІэу, куэд зылэгъуа» - зыхужаІэхэм ящыщщ Хьэжур. Аращ дунейм ехыжами абы и цІэр куэдрэ къыщІраІуэр.

Сэ быдэу си фІэщ мэхъу абы и ІэдакъэщІэкІ уахътыншэхэм я фІыгъэкІэ и цІэр зэращымыгъупщэнур, мис арац цІыху зэфІэкІыбэ жыхуаІэр.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**,
*КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ.*








# Дыгулыпхъу

Дыгулыпхъу теухуа IуэрыIуатэхэр зэхуэдэкъым, езыри зэхуэмыдэу къыхощ абы. Уеблэмэ цIэр зэхэгъуащэрэ бзылъхугъэцIэ Дыгулыпхъум къыдэкIуэу Дыгулыбгъу зи цIэр цIыхухъуу къокIуэ. Ауэ, дызэригугъэмкIэ, абы я лъапсэр зыщ, зыгуэрхэр кIэрыпщIэурэ зэщхьэщыкIами.

Талпэ М. къытридза IуэрыIуатэмкIэ, Къэбэрдейм, Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажапщэм мывэ фIыцIэ щылъщ, мафIэм и гъусэу бгым къыдидзауэ. Абдеж Тхьэшхуэ уджыр (сандракъыр) щрагъэкIуэкIыу, тыхь щащIу щытащ.

Талпэ зэрыжиIэмкIэ, Дыгулрэ абы ипхъу Дыгулыпхъурэ тхьэпэлъытэу щытащ: Дыгулым бынщIэблэ гъэбагъуэ нэщэнэ иIауэ, Дыгулыпхъуи абы ещхьу лъхуэн-пIэным и гуащэу. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, абы щыхьэт тохъуэ Дыгулыпхъу теухуа IуэрыIуатэри: тыхь, шхын, сабын щащIкIэ, Дыгулыпхъу и Iыхьэ мывэм тралъхьэ, езы Тхьэуджми нысащIэхэр бгъэ къихакIэ хэтщ, лъхуэн-пIэным, бэвым и нэщэнэу зэрыщытым и щыхьэту Талпэ къегъэлъагъуэ Нэгумэ Шорэ жиIэ гуэри. Нэгумэм зэрыжиIэмкIэ, абы и зэманым адыгэм гъатхэм щIакхъуэ ягъажьэу щытащ дыгулыпхъу и цIэу.

Лъхуэн-пIэн Iуэхур къахощ Дыгулыпхъу и цIэу нарт эпосым хэт бзылъхугъэм теухуа IуэрыIуатэхэми. Ар нарт Хьэтщкъуей ипхъущ. Лашын ещхьу, Дыгулыпхъуи псэлъыхъу и куэдщ, нартхэм дзы яфIищу мэусэ, игу ирихьри Ашэмэз (Ашэмокъуэ) и закъуэщ.

Дыгулыпхъу нартхэм яфIещ дзыуэ: Къанж и къуэ Щауей и анэр ябгэщ, Джылахъстэн и щхьэр гъущI (гъуаплъэ) IунэкIэ дыжащ, Нэгурыкъуэ ЛIыхъу – пщIэгъуалэдыгъущ, Сосрыкъуэ – цIыхум къилъхуакъым, мывэм къыхэкIащ. Дыгулыпхъуи Ашэмэз къыщIыхихар и лIыгъэ мыхъуу и щабагъыращ: и щхьэгъусэр укIыгъэ мыхъуу къэнэнкIэ мэгугъэ. Ауэ Ашэмэз къидэркъым: Дыгулыпхъу дзы яфIимыщу Нартым лIы бланэ кърінэжакъыми, ахэр бий ищIыну хуейкъым.

Лъхуэн-пIэн Iуэхур къыхощ 1958 гъэм Къэбэрдейм щатхыжа «Дыгулыбгъу и мывэ» IуэрыIуатэми. Мыбыи жеIэ Зеикъуэ къуажапщэм мывэ лъапIэ щыIэу. Ар тхьэ тIысыпIэ мывэу щытарэ тхьэ шэнткIэ еджэу, Тхьэуджри абдеж щащIу щытауэ жеIэ. Мыбы хэтым и цIэр Дыгулыбгъущ, ар цIыхухъущ, «тхьэ нэпцIу», мывэм и цIэри абы къытехъукIауэ жеIэ.

Дыгулыпхъум тыхь хуащI, и цIэри шхын фIэщыгъэцIэ мэхъури, гъэм къыщигъазэм (гъатхэм, бэвым и ублапIэм) ягъэхьэзыр.

## Бжэныщэрэ шэ хуабэрэ



Адыгэхэм бжэнылыр бегъымбар шхыну ябжырт, абы и фэри нэмэзлыкъ ящIу щытащ. Бжэныщэ гъэвэжагъащIэр хывышэм е бжэнышэм халъхьэри мафIэ цIыкIум трагъэувэ, зэIащIэурэ дакъикъэ зытхухкIэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ къытрахыжри и хуабагъыр градус 30 - 35-рэ хъуху ягъэупщIыIу. Шэ хуабэр шха нэужь трафыхьыжу аращ. Мы хущхъуэгъуэр щызрахьэлIэм и деж ерыскъы пщтырыщэуи щIыIэ дыдэуи яшхыни ефэни хуейкъым. Мыр нэхъ зи хущхъуэгъуэу ябжыр зи бгъэм щIыIэ хыхьахэмрэ жьэн уз зиIэхэмрэщ. Сымаджэм тэмэму зрихьэлIэмэ, мазитI-мазищым хъужын хуейщ.

***Халъхьэхэр:***
бжэнышэу е хывышэу - грамм 1000,
бжэныщэ гъэвэжауэ - грамм 200.

## Джэдыл гъэжьа, кIэртIоф щIэлъу



Джэд гъэкъэбзар тыкъыр цIыкIуурэ зэпаупщI е зэпауд, г 30 - 35-рэ хъуурэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыгъу траудэ, ар хыхьэн щхьэкIэ дакъикъи 10 хуэдэкIэ щагъэт. ИтIанэ лы тыкъырхэр ягъэжэпхъ. Тхъу къэплъам халъхьэри, псынщIэу зэIащIэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. АдэкIэ псывэ тIэкIу щIакIэри, дакъикъэ зытхухкIэ тебащхьэр тепIауэ ягъэбэкхъ. ИтIанэ халъхьэ шыбжий хэлъу ягъэлыбжьа бжьыныщхьэр, тебащхьэр трапIэжри, аргуэру дакъикъи 2-3-кIэ ягъэбэкхъ. Абы халъхьэ тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф, шыгъу, шыбжий, шатэ, тебащхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Пэшхьэкум къытрахыж, джэдгын хагъэщащэри, тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 2-3-кIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэувэкIэ зэрызэщIэлъу тепщэчым иралъхьэ. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ - щхьэж зыхуейр - и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):***
джэдылу - грамм 500,
кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 300,
тхъууэ - грамми 100,
бжьыныщхьэу - грамм 70,
псывэу - грамми 100,
шатэу - грамм 200,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

## Матэ кхъуейр зищIысыр?

Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ гуэдзым къыхэщIыкIа кIытэ я жьэм жьэдалъхьэри ягъэныщкIуурэ жьэдагъэлъ, яхуэшэчыху, итIанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэурэ илъэсым кърiубыдэу тхуэ-хэ ящI.

* * *

Тэрчдэсхэм тэмакъ узыр, бгъэч узыр зэрагъэхъужу щытар: абы щхьэкIэ гуэдз хуэнщIейр псы хуабэкIэ зэхащIэрт, цIыху сымаджэм и пщэм тралъхьэрт, япхэжырти нэху кърагъэкIырт. Апхуэдэурэ тIэу-щэ ящIмэ, узыр хъужырт.

* * *

Лъы зи мащIэ цIыхум нэхъ ишхырейуэ щытын хуейщ бжьыныху шыпсыр. Абы лъыр егъэкъабзэ, фIыуэ зэрегъакIуэ.

* * *

Джэджьей, гуэгуш шыр цIыкIухэм бжьыныху, бжьын цIынэхэм я тхьэмпэр цIыкIу-цIыкIуурэ зэпагъэлъэлъри хуэнщIейм хэпщауэ гъатхэм ирагъэшх. Абы витамин куэд хэлъщи, а шыр цIыкIухэр мысымаджэу, нэхъ къару яIэу къохъу икIи шхэрей мэхъу.

* * *

Матэкхъуейр жэмыр лъхуэуэ махуищ дэкIа иужькIэ къаша шэращ къызыхащIыкIыу щытар. Мыпхуэдэуи хахырт: лъатэпсыр шатэпскIэ зэIахырт, ар шэм хакIэжырти абыкIэ матэкхъуей хахырт.

## ГъащIэр кIэщIщ, гъуазджэр гъунапкъэншэщ

**Инджылыз философ, тхакIуэ, усакIуэ, драматург, публицист, журналист Уайльд Оскар (1854 - 1900) и цIэр нэхъыбэу зыгъэIуар и пьесэхэращ, апхуэдэуи къэрал куэдым щызэбгрыкIащ «Портрет Дориана Грея» романыр.**

**Уайльд и IэдакъэщIэкIхэм куэду ущрохьэлIэ псалъэ Iущхэмрэ кIэщIу къэIуэта, гупсысэ куу зыщIэлъ псэлъафэхэмрэ. Абыхэм ящыщщ мыхэр:**

♦Зыми уилIыкIынукъым, ажалым фIэкIа.

♦НасыпыфIэу зыкъыщытлъытэжхэм деж псоми дахуэгуапэщ, ауэ дыщыгуапэм деж сыт щыгъуи дынасыпыфIэкъым.

♦ЦIыкIухэр тэмэму гъэсэным и щэхур насыпыфIэу къэгъэхъунырщ.

♦НэгъуэщIхэр бгъэсэну тыншщ, ауэ уи щхьэ щехьэлIам деж гугъу мэхъу.

♦Ныбжьэгъум и гуныкъуэгъуэр дэзыгуэшыфынур куэдщ, ауэ и ехъулIэныгъэр дэзыIыгъыфынур цIыху гупцIанэхэращ.

♦ГъащIэр кIэщIщ, гъуазджэр гъунапкъэншэщ.

♦Зи ныбжь хэкIуэтахэм псори я фIэщ мэхъу, курыт ныбжьым итхэм сытми шэч къытрахьэ, щIалэгъуалэм псори ящIэ.

♦Лэжьыгъэм я нэхъ гугъур зыри умыщIэнырщ.

♦ЦIыхухэм ящыщу нэхъ сфIэгъэщIэгъуэныр лIэужьыгъуитIщ: гъащIэм кууэ хэзыщIыкIхэмрэ ипэжыпIэкIэ зыри зымыщIэхэмрэ.

♦ЩIалэгъуэм къебгъэгъэзэжын папщIэ абы щыгъуэ пIэщIэщIа щыуагъэхэм иджыри зэ къытебгъэзэжын хуейуэ аращ.

♦ЦIыхум дуней псор зыIэригъэхьэкIэ сыт и мыхьэнэ и псэр фIэкIуэдмэ.

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз

***Къехыу:*** 1. Гъатхэ ... гъуанэщ. **2**. Лъакъуэ ... щхьэ шхыгъуи йохуэ. **3**. Фызыр жьы ..., фIы мэхъуж. **6**. Пшэм ... къэувыIэн, вым уегийкIэ гурыIуэн? **7**. Жэгъуэгъу миным ... нэхърэ зы ныбжьэгъум къыуищIэр нэхъ гуауэщ. **8**. Уэсым хэсыр къанэри .. хэсыр лIащ. **10**. Адэр ... къуэр щIалэщ. **14**. Пщымыгъупщэну ухуеймэ, ..., ипэкIэ укIуэтэнумэ – блэкIар зыщумыгъэгъупщэ. **18**. Пщащэр унэгуащэмэ, кхъуейхьэбыкъуэ ... **19**. Унэр ..., жьэгур и псэщ.

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. ... насып къыдокIуэ. **5**. Зым ищIэр щэхущи, ... ящIэр нахуэщ. **9**. Удым и удыгъэр ... ирегъэщ. **11**. ФIыр ... фIыщIэр зыуи къыщыхъуркъым. **12**. Хьилэр псалъэри, лIыгъэм и лъэр ... **13**. Псалъэ мышыур шхын ... хуэдэщ. **15**. Пхъурылъхурэ къанрэ ... **16**. Узылъыхъуэр лъапIэ ... **17**. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ?. **20**. Iуэху зи куэд ... ещI.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.



**Бадзэуэгъуэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къабзий. **4**. Бу. **5**. Пагэ. **6**. КIуж. **10**. Атэлыкъ. **11**. Нып. **12**. Афэ. **13**. Салъкъын. **14**. Хъуп. **15**. Къузгъун. **17**. Хъун. **18**. Джэмыдэ.

***Къехыу:*** **2**. Алъп. **3**. Игъуэ. **4**. Бжэндэхъу. **7**. Жумэрэн. **8**. КIапсэ. **9**. Гукъанэ. **15**. Къурэ. **16**.Нэд.

